

## BAB V

### KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

#### 5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil analisis data ieu panalungtikan ngeunaan modél *Team Games Tournaments (TGT)* dina pangajaran nulis aksara Sunda, bisa dicindekkeun saperti ieu di handap.

- a. Kamampuh nulis aksara Sunda siswa kelas X MIPA 3 SMA Pasundan 2 Kota Bandung taun ajar 2019/2020 saméméh maké modél *Teams Games Tournaments (TGT)* kagolong kana kritéria cukup kalawan rata-rata 49,3 tina peunteun maksimal 100. Tina 35 siswa, aya 3 siswa anu kaasup hadé pisan, 6 siswa anu kaasup hadé, 12 siswa anu kaasup cukup, sarta 15 siswa anu kaasup kurang. Ditilik tina aspék aksara ngalagena, kamampuh nulis aksara Sunda siswa kelas X MIPA 3 SMA Pasundan 2 Kota Bandung taun ajar 2019/2020 saméméh maké modél *Teams Games Tournaments (TGT)* kaasup cukup, rata-ratana 3 tina skor maksimal 5; tina aspék aksara sora kaasup cukup, rata-ratana 3 tina skor maksimal 5; tina aspék rarangkén kaasup kurang, rata-ratana 2,1 tina skor maksimal 5; jeung tina aspék wilangan kaasup kurang pisan, rata-ratana 1,7 tina skor maksimal 5.
- b. Kamampuh nulis aksara Sunda siswa kelas X MIPA 3 SMA Pasundan 2 Kota Bandung taun ajar 2019/2020 sanggeus maké modél *Teams Games Tournaments (TGT)* kagolong kana kritéria hadé pisan kalawan rata-rata 88,71 tina peunteun maksimal 100. Tina 35 siswa, aya 28 siswa anu kaasup hadé pisan jeung 7 siswa anu kaasup hadé. Ditilik tina aspék aksara ngalagena, kamampuh nulis aksara Sunda siswa kelas X MIPA 3 SMA Pasundan 2 Kota Bandung taun ajar 2019/2020 sanggeus maké modél *Teams Games Tournaments (TGT)* kaasup hadé, rata-ratana 4,5 tina skor maksimal 5; tina aspék aksara sora kaasup hadé, rata-ratana 4,94 tina skor maksimal 5; tina aspék rarangkén kaasup cukup, rata-ratana 3,51 tina skor maksimal 5; jeung tina aspék wilangan kaasup hadé, rata-ratana 4,74 tina skor maksimal 5.
- c. Aya béda anu signifikan tina kamampuh nulis aksara Sunda siswa kelas X MIPA 3 SMA Pasundan 2 Kota Bandung taun ajar 2019/2020 antara saméméh

jeung sanggeus maké modél *Teams Games Tournaments (TGT)* katitén tina hasil uji normalitas jeung uji hipotésis.

- d. Tina sababaraha tahapan analisis data nu geus dilaksanakeun ngabuktikeun yén modél *Teams Games Tournaments (TGT)* éféktif pijkeun ngaronjatkeun kamampuh nulis aksara Sunda siswa kelas X MIPA 3 SMA Pasundan 2 Kota Bandung taun ajar 2019/2020.

## 5.2 Implikasi

Ieu panalungtikan mangrupa salasahiji ékspérimén anu dipiharep bisa jadi bahan pilihan pikeun guru dina prosés diajar pangajaran basa Sunda, hususna nulis aksara Sunda. Dumasar kana hasil panalungtikan nu geus dilaksanakeun, katitén yén modél *Teams Games Tournaments (TGT)* miboga implikasi anu positif dina pangajaran nulis aksara Sunda siswa di sakola. Dilarapkeunna modél *Teams Games Tournaments (TGT)* dina prosés diajar bisa numuwuhkeun jeung ngaronjatkeun gawé bareng anu hadé, komunikasi anu hadé ogé boh antar siswa boh siswa jeung guru, diajar adil, sarta ngaronjatkeun dina kahirupan sosialna.

## 5.3 Rékoméndasi

Dumasar kana hasil panalungtikan di luhur, panalungtik miboga rékoméndasi pikeun pamaca saperti ieu di handap.

- a. Pikeun guru, dipiharep modél *Teams Games Tournaments (TGT)* bisa jadi bahan ajar pilihan (*alternatif*) dina pangajaran lianna, hususna pangajaran basa Sunda;
- b. Pikeun panalungtik lianna, dipiharep aya panalungtikan séjénna anu leuwih bisa ngajembaran ngeunaan modél *Teams Games Tournaments (TGT)*.